

DEKRÈ EGZEKITIF

Kontinye Deklarasyon Dijans poutèt Katastwòf yo

KONSIDERE KE, konfòmeman ak Dekrè Egzekitif Nimewo 198 lan (Executive Order 198), ki te pibliye nan dat 20 novanm 2019, yo te deklare yon katastwòf nan konte Cayuga, Jefferson, Monroe, Niagara, Orleans, Oswego, St. Lawrence ak Wayne akòz gwo inondasyon, ewozyon toupatou, ak dega dlo yo ki te lakòz anpil domaj nan kay yo ak nan lòt estrikti rezidansyèl, biznis, ak enfrastrikti piblik yo;

KONSIDERE KE, konfòmeman ak Dekrè Egzekitif Nimewo 211 lan, ki te pibliye nan dat 6 jiyè 2021, yon katastwòf nan tout eta a te deklare atravè Eta a akòz vyolans ak zam;

KONSIDERE KE, konfòmeman ak Dekrè Egzekitif Nimewo 212 la, ki te pibliye nan dat 19 out 2021, yon katastwòf te deklare nan Konte Steuben akòz yon siklòn pòs-twopikal te lakòz pàn kouran, pye bwa ki tonbe, inondasyon rapid nan kèk lokal, fèmte wout, entèripsyon vwayaj yo, ak dega nan pwopriyete piblik ak prive;

KONSIDERE KE, konfòmeman ak Dekrè Egzekitif Nimewo 213 la, ki te pibliye nan dat 21 out 2021, yon deklarasyon katastwòf te fèt nan konte Bronx, Kings, Nassau, New York, Queens, Richmond, Suffolk, Westchester, Putnam, Rockland, Orange, Dutchess, Sullivan, Columbia, Delaware, Greene, Broome, Chenango, Otsego, Rensselaer, Schoharie, Albany, Montgomery, Schenectady, Saratoga, ak konte vwazen yo akòz pàn kouran, pye bwa ki tonbe, inondasyon rapid nan kèk lokal, fèmte wout, entèripsyon vwayaj yo, ak dega nan pwopriyete piblik ak prive nan tout zòn ki afekte yo;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, MWEN, KATHY HOCHUL, Gouvènè Eta New York la, konfòmeman ak otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York yo te konfyè mwen, avèk dokiman sa a, mwen bay lòd pwolonje eta dijans poutèt katastwòf jan sa deklare nan Dekrè Egzekitif Nimewo 198, 211, 212 ak 213 la epi kontinye kenbe anvigè tèm, kondisyon, ak sispansyon yo ki nan Dekrè Egzekitif Nimewo 198 rive nan Nimewo 198.19, 211, 211.1, 212 ak 213 jiska 23 out 2021.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany nan venntwazyèm jou mwa septanm nan ane de mil venteyen.

SOU Lòd GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a